

# Coronavirus (COVID-19)

Kebèk, 27 avril 2020

Chè paran,

Dabò, kite'm remèsye ou sensèman pou gwo sipò ou te bay pitit ou a nan aprantisaj li nan semèn ki sot pase yo, malgre kondisyon yo te difisil pafwa.

Bon sipò'w ak kolaborasyon ou tankou majorite moun nan popilasyon an pou respekte mezi ki te mete an plas pou kontwole kriz la pèmèt yon gwo amelyorasyon sitiyasyon epidemyolojik la an jeneral. Se sa ki pèmèt nou ka deside avek anpil sekirite ak pridans relouvri lekòl yo tikal pa tikal.

Plan pou retounen nan klas la te devlope ak kolaborasyon Direktè Nasyonal Sante Piblik la, Dr Horacio Arruda epi ekip li a. Plan sa-a pral pèmèt elèv yo retounen lekòl, pou yo ranfòse kapasite yo epi pou yo konplete aprantisaj esansyèl yo nan fen ane lekòl la, pandan y'ap pran tout prekosyon pou diminye risk pou pwopaje maladi KOVID-19 la.

## **Orè pou relouvri lekòl etap pa etap**

Apati 11 me, tout lekòl matènèl ak primè Kebèk yo pral kapab relouvri, eksepte nan tout kominote metwopoliten Monreyal la. Apati 19 me, yo ta dwe rive relouvri tout lòt lekòl yo, si sitiyasyon an pèmèt sa.

Aktivite regilye sèvis gadri eskolè yo ap rekòmanse lè lekòl yo relouvri.

Antouka, lekòl yo dwe aplike ijyèn strik ak mezi distans ke otorite Sante Piblik yo met-an-plas. An patikilye, kantite maksimòm elèv pou chak klas yo se 15, yo dwe respekte 2 mètr distans ant chak moun. Genyen nouvo mezi estanda ki pral aplike nan sèvis transpò eskolè-a.

Plan reouvèti lekòl la kapab revize detanzantan.

Pou lekòl segondè yo, yap rete fèmen jiska septanm. Elèv yo pral ranfòse kapasite yo epi kontinye aprantisaj yo ak distans gras ak sipèvizyon edikatif amelyore ekip eskolè yo. Yap voye yon plan travay ak aktivite chak semèn. Anplis, pwofesè yo ap disponib pou akonpanye elèv yo jouk nan fen ane a.

Se nòmal ke desizyon relouvèti lekòl la ogmante enkyetid ou. Men, mwen vle asire'w ke lekòl yo ap gen pou aplike mezi sekirite strik ak mezi ijyèn ke Sante Piblik rekòmande.

### **Tounen lekòl se pa yon obligasyon**

Si ou se paran yon elèv lekòl matènèl oubyen lekòl primè, ou dwe konnen ke desizyon tounen lekòl etap pa etap sa a se nan menw li ye. Si yon paran vle, li ka kontinye aprantisaj timoun li lakay. Si nesèsè, lekòl la ap bay sipò pou edikasyon ak distans.

Malgre ke desizyon tounen lekòl sa a se nan menw li ye, **mwen konseye** paran timoun ki gen difikilte pou aprann yo oubyen difikilte pou yo adapteyo voye pitit yo lekòl pi vit ke posib, pou elèv sa yo benefisye anpil sipò pedagogik nan men pwofesè yo ak ekip pwofesyonèl lekòl la. Lekòl yo ap gen pou kontakte paran konsène yo nan jou kap vini yo.

Pou rezon sante ak sekirite, si ou gen yon pwoblèm sante oubyen ou vilnerab (maladi kwonik, defisyans iminitè grav) oubyen si pitit ou nan ka sa-a oubyen nenpòt lòt moun k'ap viv lakay ou, ou pata dwe voye pitit ou lekòl epi ou kapab kontinye aprantisaj li ak distans.

Pou nou ka byen òganize sèvis pedagogik yo ke nou pral ofri yo lè lekòl yo ap relouvri, nou mande pou ou kontakte lekòl pitit ou a pi vit posib pou enfòmè direksyon lekòl la kisa'w deside. Fòk ou fè sa omwen yon semèn anvan dat relouvèti lekòl pitit ou wa, konsa ou ap pèmèt administrasyon an asire'l ke l'ap akeyi elèv yo nan pi bon kondisyon posib, pandan y'ap obsève rekòmandasyon strik Sante Piblik. Ou pral resevwa yon kominikasyon sou sijè sa-a nan jou kap vini yo.

### **Preparasyon pou rekomansè aktivite edikatif yo**

Li evidan, tounen lekòl sa a pral trè diferan parapò ak avan. Timoun yo dwe obsève mezi sekirite ak ijyèn strik yo. Pèsonèl lekòl la ap gen pou eksplike yo, men nou konte sou kolaborasyon ou pou ede yo aplike mezi sa yo.

## **Si ou se paran yon elèv lekòl matènèl oubyen lekòl primè ki chwazi pou voye pitit ou lekòl:**

- Asire'w ke pitit ou byen lave men'l anvan li kite kay li nan maten ak lè li tounen.
- Sèvis transpò eskolè yo ap diminye epi yo pral bay kèk lòd ak limit enpòtan pou yo kapab respekte rekòmandasyon Sante Piblik yo. Se poutèt sa nou ankouraje'w fòtman, si ou kapab, pou menen pitit ou lekòl, sof si li absoliman enposib pou ou. Si pitit ou a ap itilize sèvis transpò eskolè, tanpri souple, raple li enpòtans pou li evite tout kontak ak lòt elèv yo.
- Nan lekòl la, zòn komen ki pa esansyèl yo, tankou jimnazyòm ak bibliyotèk yo ap fèmen. Lakou rekreyasyon an pral aksesib, men avek anpil restriksyon. Objektif la se pou asire sekirite epi evite rankont ant plizyè gwoup menm kote nan menm moman epi pou diminye risk yo. Ankò, nou mande'w pou fè pitit ou sonje pou'l evite tout kontak avek lòt elèv, sitou sa ki pa nan menm gwoup ak li.
- Kafeterya a ap fèmen. Si pitit ou abitye manje nan lekòl la, asire'w ke li pote yon repa nan lekòl la chak jou. Si pitit ou ale manje lakay a midi, li ap toujou posib pou li fè sa, men fòk li aplike menm dispozisyon yo tankou byen lave men li lè li rive lakay li epi avan li tounen lekòl la.
- Nan lè kipa lè lekòl la, li enpòtan pou pa ekspozè pitit ou ak yon moun ki gen yon sante vilnerab (maladi kwonik, defisyans iminitè grav, moun ansent oubyen ki gen timoun nan tete, granmoun ki gen plis pase 60 lane).

## **Si ou se paran yon elèv lekòl matènèl oubyen lekòl primè epi ou chwazi pa voye pitit ou lekòl oubyen si ou se paran yon elèv lekòl segondè:**

- Pou asire ke tout elèv yo konplete aprantisaj konesans esansyèl nan fen ane lekòl la, pral gen yon gwo operasyon pou prete elèv yo ekipman nimerik k'ap lanse nan jou kap vini yo. Si ou pa gen yon òdinatè oubyen yon lòt aparèy ki konekte ak Entènèt lakay ou, tanpri fè lekòl ou a konnen sa san pèdi tan.
- Asire'w ke pitit ou-a swiv plan travay li-a, epi, fè aktivite ak devwa ke lekòl la pral bay yo.
- Siveye regilyèman aprantisaj pitit ou a avèk resous pwofesyonèl ke lekòl la ap mete disponib. Pa ezite kontakte moun sa a si nesèsè.


Kit pitit ou kontinye aprann nan lekòl la oswa lakay li, ou dwe konnen ke platfòm “LEKÒL LOUVRI” a ap amelyore epi aktyalize sou yon baz regilye. Tele-Kebèk ap kontinye difize pwogram espesyal li yo, sou entènèt ak nan televizyon, jouk nan fen ane lekòl la.

Mwen konnen ke ou ka gen lòt kesyon sou deroulman fen lane eskolè-a. Se poutèt sa, mwen envite’w konsilte dokiman ki atache ak kouryèl sa a, epi ou ka siveye pou plis detay mesaj ke lekòl pitit ou a pral voye ba ou nan semèn kap vini yo.

Pou’m fini, mwen ta renmen di ou mèsi yon lòt fwa ankò pou kolaborasyon ou pandan peryòd difisil sa a. Ansanm ansanm, n’ap travèse kriz la. Tout bagay gen pou byen pase!

Mwen voye, chè paran, salitasyon sensè mwen pou ou.

Minis Edikasyon ak Ansèyman Siperyè,



Jean-François Roberge

p. j.